

# Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

# 93 nan yon seri Bilten sante sou zafè enpòtan ki enterese tout moun nan Nouyòk

**Demare byen :**

**Vaksin**

**Pwoteje pitit ou kont maladi ki grav.  
Fè pitit ou pran vaksen.**



## Avantaj ki genyen lè pitit ou vaksinen

### Vaksen ede pwoteje pitit ou kont maladi ki danjere.

- Vaksinasyon (vaksen oswa piki) ede pwoteje pitit ou kont plizyè maladi ki grav, menm kont lawoujòl, malmouton, koklich, ak saranpyon. Timoun ki pa pran vaksen ka malad grav oswa yo ka menm mouri akòz maladi sa yo.
- Se pou timoun yo pran vaksen yo rekòmande yo lè yo gen bon laj la ak san yo pa pran reta. Leta Nouyòk egzije pou timoun yo vaksinen si yo ale nan yon gadri oswa lekòl.
- Pale avèk pwofesyonèl swen sante pitit ou a pou konnen ki vaksen pitit ou bezwen ak kilè pou l pran yo. Pou w sa jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki nan zòn kote w rete a, rele nan **311**.

### Vaksen ede pwoteje lèzòt.

- Lè ou fè pitit ou pran tout vaksen pou l pran yo, sa ede pwoteje tout moun, sitou tibebe ki fèk fèt yo ak jenn timoun ki twò piti pou yo pran vaksen.

## Vaksinasyon pou timoun : San danje pou pitit ou yo

### Vaksen yo san danje. Avantaj yo depase lontan kèlkeswa risk ki ta ka genyen yo.

- Anvan yo apwouve yon vaksen pou yo itilize, yo fè dèzane ap teste l. Apresa, yo kontwòle chak vaksen regilyèman pou rezon sekirite ak pou wè avèk ki efikasite li fonksyone.
- Avantaj ki genyen lè yon moun pran vaksen piplis lontan pase kèlkeswa risk ki ta ka genyen yo. Anvan te gen vaksen, te gen plis moun ki te tonbe malad oswa ki te mouri pase genyen kounye a.
  - Anvan te gen vaksen kont lawoujòl la, te gen pliske 3 milyon moun ki te malad avèk lawoujòl chak ane nan peyi Etazini. Pami moun sa yo, te gen 48 000 ladan yo ki te entène lopital epi te gen apeprè 450 ki te mouri.
- Li trè ra pou vaksen lakòz efè segondè grav. Nenpòt efè segondè jeneralman modere, tankou pa egzanp, doulè kote yo te bay piki a.

# Konsèy pou paran yo konsènan vaksinasyon

- Ale avèk kat vaksinasyon pitit ou a chak fwa ou ale kay doktè. Sa pral ede w rete ajou pou vaksinasyon yo rekòmande pou pitit ou a.
- Si ou pa konnen ki piki pitit ou te pran, rele nan **311** epi mande pou Rejis Vaksinasyon pou tout Vil la (*Citywide Immunization Registry*: CIR). CIR la kenbe yon dosye sou tout vaksen pitit ou resevwa. Tout timoun ki fèt oswa ki vaksinen nan Vil Nouyòk anrejistre nan CIR.
- Pou vaksinasyon gratis oswa ki pa koute chè, rele nan **311** oswa ale sou sit entènèt la nan **[nyc.gov](http://nyc.gov)** epi fè yon rechèch pou **childhood immunizations**.



## Vaksinasyon pou timoun

### Kesyon moun poze souvan (FAQ)

#### 1 Mwen tande anpil move bagay sou vaksen. Kijan pou m fè konnen kisa pou m kwè ?


- Òganizasyon tankou Sant Edikasyon sou Vaksen (*Vaccine Education Center*) nan Children's Hospital of Philadelphia (**[vaccines.chop.edu](http://vaccines.chop.edu)**) ak Paran Timoun ki gen Maladi Enfektye (*Parents of Kids with Infectious Diseases*) (**[pkids.org](http://pkids.org)**) ofri enfòmasyon valab.
- Reflechki defwa sou tout deklarasyon yo fè kont vaksen. Enfòmasyon ki fo oswa ki twonpe ka pwopaje byen vit sou Entènèt la, sitou nan fowòm konvèsasyon sou entènèt yo.
- Pale avèk doktè pitit ou sou nenpòt enfòmasyon ki ba w enkyetid.

#### 2 Mwen tande gen kèk vaksen ki lakòz otism. Èske se vre ?

- Non. Vaksen *pa* lakòz otism. Selon plizyè etid syantifik ki fèt Ozetazini e atravè lemond, yo pa dekouvri okenn koneksyon ant otism ak vaksen.
- Si w bezwen plis enfòmasyon sou otism, ale sou sit entènèt la nan **[autismspeaks.org](http://autismspeaks.org)** oswa nan **[autismsciencefoundation.org](http://autismsciencefoundation.org)**.

#### 3 Pou ki rezon pou mwen fè pitit mwen vaksinen ? Mwen te panse pa t gen moun ki pran maladi sa yo ankò.

- Gen plizyè maladi timoun te konn genyen anvan ki pa rive souvan ankò grasa vaksen. Sepandan, jèm ki lakòz pifò nan





maladi sa yo egziste toujou. Ant ane 2008 ak 2011, chak ane, te gen apeprè 700 moun ki abite nan Nouyòk ki te gen maladi ke vaksen te ka anpeche.

- Lè to vaksinasyon yo ba, maladi sa yo ka retounen epi pwopaje rapidman.
  - Nan kontinan Lewòp, yon epidemi lawoujòl pwopaje nan 30 peyi an 2011, e te gen plis pase 26 000 moun ki te enfekte. Rezon ki fè te gen epidemi sa a se te sitou akòzde to vaksinasyon yo ki te ba.
  - An 2011, gen apeprè 225 moun ki te trape lawoujòl Ozetazini, e nan Vil Nouyòk sèlman te gen 25 moun ki te genyen maladi a, e se te sitou timoun ak adilt ki pat vaksinen.

4

#### Èske pitit mwen ka pran plizyè vaksen alafwa, san okenn pwoblèm ?

- Wi. Timoun yo ekspoze a dè milye jèm toulèjou. Jèm yo touye oswa ki febli ke ou jwenn nan vaksen yo pa anpil ditou lè ou konpare yo ak milyon jèm timoun konbat chak jou yo.
- Pale avèk doktè pitit ou konsènan vaksen konbine yo ; yon grenn piki pwoteje kont pliske yon maladi. Yo ka redwi kantite piki ak vizit kay doktè pitit ou ka bezwen.

5

#### Mwen tande li pi pridan pou sote kèk vaksen oswa pou m tann anvan pou pitit mwen vaksinen. Èske se vre ?

- Non. Si ou sote kèk vaksen oswa ou tann anvan pou fè pitit ou vaksinen, w ap mete lavi pitit ou andanje. Pitit ou ka malad grav oswa li ka menm mouri akòz yon maladi grav ou ta ka anpeche.
- Se pou timoun yo pran vaksen yo rekòmande yo lè yo gen bon laj la ak lè ideyal pou yo pran l yo.



## Enfòmasyon anplis

- Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk : ale sou sit entènèt la nan [nyc.gov](https://www.nyc.gov) epi chèche **childhood immunizations**, oswa rele nan **311**
- Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (*Centers for Disease Control and Prevention*) : [cdc.gov/vaccines](https://www.cdc.gov/vaccines) oswa **800-CDC-INFO (800-232-4636)**
- Akademi Amerikèn Pedyatri (*American Academy of Pediatrics*): [aap.org](https://www.aap.org)
- Sant Edikasyon sou Vaksen nan Children's Hospital of Philadelphia (*Vaccine Education Center at the Children's Hospital of Philadelphia*) : [vaccines.chop.edu](https://www.vaccines.chop.edu)
- Paran Timoun ki gen Maladi Enfektye (*Parents of Kids with Infectious Diseases*) : [pkids.org](https://www.pkids.org)
- Kowalisyon pou pran Aksyon pou Vaksinasyon (*Immunization Action Coalition*) : [immunize.org](https://www.immunize.org)
- Chak Timoun anvan laj Dezan (*Every Child By Two*) : [ecbt.org](https://www.ecbt.org)

**RELE  
311**

### Pou w jwenn kopi nenpòt Bilten Sante

Tout Bilten sante yo disponib tou nan [nyc.gov](https://www.nyc.gov), chèche Bilten sou Lasante.

Ale sou sit entènèt [nyc.gov/health/email](https://www.nyc.gov/health/email) la pou w kapab benefisye yon abònman imèl gratis.


VOLIM 11, NIMEWO 2

# Bilten Sante

DEPATMAN SANTE AK IJYÈN MANTAL VIL NOUYÒK

# 93 nan yon seri Bilten sante sou zafè enpòtan ki enterese tout moun nan Nouyòk

**Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk**  
**New York City Department of Health and Mental Hygiene**  
Gotham Center, 42-09 28th Street  
L.I.C., New York 11101-4134



**Demare byen : Vaksinen**

**Pwoteje pitit ou kont maladi ki grav.  
Fè pitit ou pran vaksen.**

**RELE  
311**

Pou Sèvis Vil Nouyòk ki pa ijans  
Yo bay sèvis entèpretasyon nan telefòn nan plis ke 170 lang